**दिन–मंगलवार** **दिनांक–07.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ महागठबंधनक घटक दल सभक बीच काल्हि सीटक बंटवाराक घोषणा कयल जायत। विकासशील इंसान पार्टीक अध्यक्ष मुकेश सहनी आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे काल्हि सांझ धरि सीटक बंटवारा के सार्वजनिक रूप सँ घोषणा कऽ देल जायत। एहि सँ पूर्व महागठबंधनक घटक दल सभक आइ पटना मे एक बैसक भेल। बैसक मे मुख्य रूप सँ सीटक बंटवारा के लऽकऽ चर्चा कयल गेल। संगहि महागठबंधनक नव सहयोगी झारखंड मुक्ति मोर्चा आ राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टी केर भूमिका के लऽकऽ सेहो चर्चा कयल गेल। एहि मध्य, कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम कहलनि जे महागठबंधन मे सीटक बंटवारा के लऽकऽ सभ घटक दलक नेता लोकनिक संग गपशप चलि रहल अछि। ओ कहलनि जे काल्हि दिल्ली मे कांग्रेसक कार्य समिति केर बैसक मे ओ सभ गप रखताह।

---

विधानसभा चुनावक घोषणाक बाद एनडीए मे सीटक बंटवारा के लऽकऽ बैसकक सिलसिला तेज भऽ गेल अछि। आइ नव दिल्ली मे भाजपाक बिहार चुनाव प्रभारी धर्मेन्द्र प्रधान आ पार्टीक प्रदेश प्रभारी विनोद तावड़े लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवानक संग भेट कयलनि। पैंतालीस मिनट धरि चलल एहि बैसक मे मुख्य रूप सँ सीटक बंटवारा के लऽकऽ चर्चा भेल। हालांकि एहि बैसकक नतीजा के लऽकऽ भाजपा आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास दिस सँ वक्तव्य नहि देल गेल।

---

एम्हर, जदयूक एक महत्त्वपूर्ण बैसक पार्टी अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक आवास पर आयोजित कयल गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे बैसक मे पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा आ वरिष्ठ नेता विजय कुमार चौधरी समेत कतेको आन नेता मौजूद छलाह। एहि बैसक मे जदयू कोटा केर सीट आ उम्मीदवार लोकनिक चयन पर मुख्य रूप सँ

विचार–विमर्श कयल गेल। पार्टीक वरिष्ठ नेता अशोक चौधरी कहलनि जे एनडीए जल्दीए सीट सभक अंतिम बंटवाराक घोषणा करत।

———————————————————————————

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक अध्यक्ष संतोष कुमार सुमन कहलनि अछि जे एनडीए मे सीट सभक बंटवारा के लऽकऽ गपशप चलि रहल अछि। अगिला दू सँ तीन दिन मे एहि पर अंतिम निर्णय भऽ जायत। श्री सुमन कहलनि जे हुनक पार्टी बेसी सँ बेसी सीट चाहैत अछि ताकि हुनक पार्टी एक मान्यता प्राप्त पार्टी बनि सकय।

———————————————————————————

लोक गायिका मैथिली ठाकुर कहलनि जे जँ हुनका मौका भेटैत छनि तँ ओ अपन क्षेत्र सँ विधानसभा चुनाव लड़तीह। पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे बिहार आ खास कऽ मिथिला सँ हुनक भावनात्मक जुड़ाव छनि। ध्यातव्य अछि जे पछिला दिन भाजपाक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े मैथिली ठाकुरक संग एक फोटो साझा कयने छलाह, जकरा बाद लोक गायिकाक चुनाव लड़यवला खबरि के बल भेटल।

———————————————————————————

प्रदेश मे चुनाव कार्यक्रमक घोषणाक संगहि आदर्श आचार संहिता लागू भऽ गेल अछि। संगहि सभ जिला प्रशासन भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता दू हजार तैईस केर धारा एक सय तिरसठक तहत निषेधाज्ञा सेहो लागू कऽ देलक अछि। एहि तहत कोनो व्यक्ति, राजनीतिक दल, या संगठन द्वारा राजनैतिक प्रयोजन सँ संबंधित कोना सभा, जुलूस, धरना वा प्रदर्शन आ ध्वनि विस्तारक यंत्रक प्रयोग बिना सक्षम पदाधिकारीक अनुमतिक नहि कयल जा सकत। संगहि ध्वनि विस्तारक यंत्र सभक प्रयोग राति दस बजे सँ भोर छओ बजे धरि वर्जित रहत।

———————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय निर्वाचन आयोग के बिहार मे भेल मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण केर दरमियान हटायल गेल तीन लाख छियासठि हजार मतदाता लोकनिक नामक

जनतब मांगलक अछि। न्यायमूर्ति सूर्यकांत आ न्यायामूर्ति जॉय माल्या केर पीठ एक्कैस लाख नव नाम जोड़बाक संबंध मे सेहो नओ अक्टूबर धरि जनतब उपलब्ध करेबाक निर्देश देलनि अछि। मामिलाक अगिला सुनवाई नओ अक्टूबर के होयत।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे देश मे पछिला एगारह बरख मे उल्लेखनीय बदलाव आयल अछि। प्रधानमंत्री शासनाध्यक्षक रूप मे देशक सेवाक पचीसम बरख मे प्रवेश करबा पर लोक सभक आभार व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे महत्त्वपूर्ण प्रयास सँ महिला, युवा आ किसान लोकनि सशक्त भेल अछि आ पचीस करोड़ सँ बेसी लोक गरीबी सँ बाहर आयल अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारतक वैश्विक अर्थव्यवस्था मे महत्त्वपूर्ण स्थान अछि। ओ कहलनि जे सरकार व्यापक सुधार कयलक अछि। सरकारक उद्देश्य सभ क्षेत्र मे देश के आत्मनिर्भर बनायब अछि, जाहि मे “गर्व से कहो ये स्वदेशी है” का आह्वाहन नजरि आयल। ओ कहलनि जे देशक सेवा करब हुनका लेल सभ सँ सम्मानक गप अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल